



Dwa Pasyan yo

Pami tout dwa ou genyen yo, ou gen dwa:

Jwenn Respè ak Patisipasyon

- Pou yo reponn demann ou prezante yo yon fason ki rapid ak apwopriye, selon kapasite lopital la.
- Pou resevwa swen yo bay yon fason ki respekte sansibilite pasyan an ak kilti epi valè pèsonèl, kwayans ak preferans li yo.
- Pou pa sibi okenn fòm abi oswa pèsekisyon.
- Pou resevwa enfòmasyon epi patisipe nan desizyon medikal oswa desizyon etik ki gen pou wè ak swen sante ou an.
- Pou pote plent konsènan swen resevwa ou ak pou moun analize plent yo.
- Pou nonmen yon moun pou pran desizyon nan plas ou si ou pa kapab kominike sa ou vle konsènan swen sante w.
- Pou mande yon kopi nenpòt règ ak règlemantasyon lopital la ki aplikab pou konpòtman ou antanke pasyan.
- Pou yo ba w sèvis pou jere sentòm doulè ou yo kòrèkteman.
- Pou resevwa oswa refize resevwa vizitè san restriksyon baze sou ras, koulè, po peyi kote yo soti, sèks, idantite seksyèl, organtasyon seksyèl oswa andikap, eksepte si gen restriksyon rezonab ki nesesè klinikman oswa preyokipasyon ki gen pou wè ak sekirite.
- Pou yo transfere w rapid-rapid ak san danje nan yon etablisman ki dakò pou bay swen si yo refize ba w swen poutèt sityasyon ekonomik oswa poutèt ou pa gen mwayen pou peye.

Pwoteksyon Lavi Prive ak Pwoteksyon Enfòmasyon Prive

- Pou yo ba w sekirite ak pwoteje lavi prive w pandan w ap resevwa swen, selon kapasite lopital la.
- Pou dosye ak komunikasyon ou yo rete sekrè, jan lalwa a mande l.

Enfòmasyon ak Swen

- Pou resevwa yon estimasyon pou sèvis yo te ba w yo, ikonpri montan pou kèlkeswa chaj etablisman an faktire ki asosye nan d e (2) jou ouvrab apre yo resevwa demann pasyan an.
- Pou jwenn non ak espesyalizasyon moun k ap ba w swen.
- Pou mande ak resevwa esplikasyon sou relasyon ki genyen ant lopital al ak doktè w la pa rapò ak nenpòt lòt lopital swen sante oswa etablisman edikasyon ki patisipe nan swen ou.
- Pou mande epi resevwa enfòmasyon osijè asistans finansyè ak swen sante ki gratis.
- Pou refize elèv oswa nenpòt estaf egzamine w, mete w anba obsèvasyon oswa ba w swen, san sa pa gen konsekans negatif pou w kapab jwenn aksè nan swen.
- Pou jwenn enfòmasyon ou kapab konprann ki konplè ak ajou konsènan dyagnostik, swen ak pwonostik ou.
- Pou resevwa tretman swen ijans san diskriminasyon akòz sityasyon ekonomik ou oswa sous peman ou.
- Pou jwenn aksè nan sèvis pwoteksyon moun vilnerab ak sèvis ki defann moun.
- Pou yo enfòme rapid-rapid yon moun nan fanmi w oswa yon reprezantan ou chwazi ansam ak pwòp doktè w si ou antre lopital la.
- Pou refize patisipe nan rechèch epi pou refize nenpòt ki swen oswa egzamen, si objektif prensipal la se pou edikasyon oswa enfòmasyon, epi li pa ba w okenn swen terapètik.
- Pou mande ak enspekte dosye medikal ou, mande yon amnnman oswa resevwa yon rapò sou tout fwa yo te bay lòt moun enfòmasyon sante pèsonèl ou yo, epi pou resevwa yon kopi dosye ou, si ou peye yon chaj ki rezonab.
- Pou resevwa yon kopi dosye medikal ou gratis si ou montre rezon demann ou se pou kore yon reklamasyon oswa yon kontestasyon anba kenepòt atik nan Lwa Sekirite Sosyal la nan kèlkeswa pwogram federal oswa yon Eta ofri ki baze sou bezwen finansyè.
- Pou mande epi resevwa yon bòdwo ki dekri chak sèvis oswa pwodwi yo te ba ou epi pou yo voye yon kopi bay doktè w.
- Pou resevwa enfòmasyon konsènan kontrasepsyon (planning familyal) nan ka ijans epi pou resevwa rapid-rapid kontrasepsyon yo bay touswit si ou se yon fanm ki viktim kadejak oswa agresyon seksyèl.
- Pou resevwa enfòmasyon komplè sou tout tretman altènatif ki valab medikalman, si pasyan an gen nenpòt fòm kansè nan tete.
- Pou resevwa enfòmasyon konsènan pouvantaj sezaryèn lopital la fè ansanm ak estatistik ki gen pou wè ak sa, si ou se yon pasyan nan maténite.

Antanke pasyan, ou dwe aji tankou yon manm ki respekte tout manm kominote swen sante nou an.

Si ou bezwen enfòmasyon anplis konsènan dwa pasyan yo oswa yon kopi tiliv sa a nan lang Angle, Chinwa, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè, Panyòl ak Ris, al gade sitwèb nou an nan tuftsmmedicalcenter.org/rights oswa ou ka mande enfòmasyon nan men depatman admisyon ki nan premye etaj Proger Building lan.